



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN GRAN PRIM 1 MILYON DOLA 7YÈM
KONPETISYON ANYÈL JÈN KONPAYI 43NORTH LAN**

Top Seedz ranpòte investisman 1 milyon dola a nan konpetisyon jèn konpayi 5 milyon dola a

Sèt konpayi anplis resevwa 500,000 dola yo chak

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan setyèm konpetisyon anyèl 5 milyon dola jèn konpayi (startup) 43North la, sa gen ladan gayan gran pri investisman 1 milyon dola a ak sèt lòt konpayi ke chak te genyen investisman 500,000 dola. Anplis de investisman finansye yo, gayan yo ap resevwa yon ane espas gratis nan Seneca One kote 43North gen syèj sosyal, oryantasyon konseye yo, koneksyon lokal yo pou kliyan potansyèl yo, aksè nan rezo investisè 43North ak lòt pwogram ankourajman pou biznis. Gayan yo te anonse pandan selebrasyon prim nan sant Shea's Performing Arts Center nan Buffalo.

"Pandan dènye sèt ane yo, konpetisyon jèn konpayi 43North la te mete rejyon Buffalo ak Lwès New York sou kat la pou inovasyon ak antreprenarya", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle felisite Top Seedz sou siksè byen merite yo, epitou felisite travay di ak kreyativite ki deplwaye pandan konpetisyon aswè a apati chak grenn nan finalis yo. Atravè inisyativ tankou 43North, n ap atire jèn konpayi inovatè yo nan Eta New York epi kreye yon avni ki pi pwospè".

Gayan Konpetisyon 43North 2021 an se:

Top Seedz - Buffalo, NY - Gayan 1,000,000 dola

Top Seedz fè biskwi atizanal ak grenn griye ki anbale ak nitrisyon ak savè ki itilize engredyan ki senp ke lanati a bay.

BetterMynd, Inc. - Buffalo, NY - Gayan 500,000 dola

BetterMynd se yon platfòm terapi sou entènèt pou etidyan inivèsite. Yo fè patenarya avèk dirèkteman ak inivèsite yo pou bay etidyan yo aksè nan yon rezo konseye sante mantal akredite ki divèsifye depi privasite ak konfò òdinatè pòtab ak aparèy mobil yo.

Big Wheelbarrow, Inc. - Austin, TX - Gayan 500,000 dola

Big Wheelbarrow se yon konpayi SaaS ki pèmèt distribitè manje ak chèn episri pou kreye ak jere chèn apwovizyonman desantralize yo pou reponn ak demann konsomatè pou manje lokal nan fason ki rantab, efikas epi sekirize.

FLOX - The Healthy Chicken Company - London, UK - Gayan 500,000 dola

FLOX - The Healthy Chicken Company se yon konpayi jeneratris revni ki itilize vizyon atifisyèl pou pèmèt yon agrikilti ki baze sou byennèt avèk aplikasyon inisyèl nan elevaj poul. Pwodui yo a ede amelyore sante ak byennèt poul yo, pou agrikiltè yo ka fonksyone yon fason ki pi etik, pwofitab ak dirab; epi pi bon vizibilite pou tout chèn apwovizyonman an - jiska konsomatè (ki pi konsyan).

Infiuss Health - San Jose, CA - 500,000 dola

Infiuss Health se yon platfòm ki alimante rechèch/esè klinik adistans an Afrik, nan konekte chèchè (nan endistri ak akademi) ak pasyan, patisipan an Afrik ak konpayi famasetik ak syans lavi nan Etazini ak Inyon Ewopeyèn pou rechèch klinik ak etid esè klinik.

ShearShare, Inc. - McKinney, TX - Gayan 500,000 dola

ShearShare se premye mache mobil B2B (biznis pou biznis) pou monetize resous ki pa byen itilize yo nan endistri bote ak pou fè bab, kòmanse nan espas pou travay. Estilis yo lwe swit/estasyon pa jou, semèn oswa okazyon avèk okenn kontra oswa komisyon, epi pwopriyete salon, espas ak salon kwafi yo fè lajan nan espas vid yo deja genyen.

Zealot Interactive - Arlington, VA - Gayan 500,000 dola

Zealot Interactive ofri leson videyo avèk reyalite ki ogmante pou enstriman mizikal ki koresponn avèk materyèl opsyonèl dènnye kri. Yo se yon "Peloton pou mizik". Mache kontni konsève a konfòm legalman avèk etikèt dosye epi pèmèt kreyatè yo ebèje videyo ke yo pa t ap gen okenn kapasite pou bay lisans.

Verivend - Buffalo, NY - Gayan 500,000 dola

Verivend se konpayi teknolojik ak finansye (fintech) k ap modènize fason biznis yo fè zafè. Yon vrè rezo, Verivend ofri mwayen ki pi rapid ki disponib pou peye epi touche, san baryè antre ki pèmèt biznis yo fè tranzaksyon ak tout kliyan ak vandè, transparans repitasyon san patipri, ak yon bous dijital ki alimante pèman B2B ak pèman biznis ak konsomatè (B2C).

Jij final annapre yo te seleksyone gayan 43North la yo:

- Brian Brackeen, Patnè Jeneral nan Lightship Capital
- Peter Boyce II, Fondatè ak Patnè Jesyon Stellation Capital
- Howard Draft, Prezidan Egzekitif nan Drafftcb
- Scott Omelianuk, Editè an Chèf nan Inc. Magazine
- Jackie Reses, Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik nan Bank Rezèv Federal San Francisco
- Rudina Seseri, Fondatè ak Patnè Jesyon Glasswing Ventures

Prezidan Konsèy 43North la Eric Reich te deklare, "Chak ane nou epoustoufle pa ajitasyon, talan ak inovasyon ke konpayi yo ki nan konkirans pou yon plas nan pòtfèy 43North la demontre. Nou eksite pou nou gade gayan aswè a yo fè mak yo nan Buffalo pandan y ap devlope konpayi yo ak pwofite resous rich vil ak pwogram nou an ofri".

Prezidan 43North, Colleen Heidinger, te deklare, "Enèji nan Shea's Performing Arts Center te palpab aswè a alòske kominote Lwès New York la te prezante pou aplodi finalis enkwayab nou yo. Abitan Buffalo yo te temwen dirèk enpak ekonomik transfòmasyon nou te atenn nan mennen nouvo talan ak kapital nan rejyon nou an, jan sipò ki prezante aswè a pwouve sa. Mwen pa ka tann pou wè konpayi gayan yo dekouvri tout sa ekosistèm jèn konpayi k ap boujonnen nou yo gen pou ofri".

Pandan sèt ane ki pase yo, 43North te investi nan yon pòtfèy divèsifye 51 konpayi, kote 31% nan yo gen fondatè moun koulè epi 23% genyen fondatè fanm. Apeprè mwaye nan konpayi sa yo te kenbe yon prezans fizik nan Vil Queen, k ap kreye plis pase 800 djòb lokal. Pami klasman yo se likòn teknoloji ACV Auctions, ki te mete 43North antanke premye sosyete pòtfèy ki nan bous, apre yon IPO nan dat 24 mas 2021.

Enfòmasyon sou 43North

43North se yon pwogram akseleratè ki akeyi yon konpetisyon startup chak ane, k ap investi 5 milyon dola ane sa epi atire ak kiltive konpayi ki gen gwo kwasans nan Buffalo, NY. Pòtfèy konpayi 43North yo resevwa tou espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, oryantasyon nan men konseye ki nan domèn ki lye yo, ak aksè nan lòt pwogram prim ankourajman tankou START-UP NY la. 43North fonksyone gras ak sipò Gouvènè Kathy Hochul, Empire State Development, Ralph C. Wilson, Jr. Foundatio, ak plizyè lòt esponnsò. Pou plis enfòmasyon sou 43North, vizite www.43north.org.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418